

4 FASON FASIL

pou rete an sekirite **sou entènèt**

Mond dijital nou an bezwen pwoteje. Gen bagay fasil nou ka fè pou asire enfòmasyon nou yo pwoteje de moun ki vle vòlè li.



Rekonèt epi rapòte èskrokri

Majorite entrizyon sou entènèt ki reyisi yo rive lè yon moun resevwa yon mesaj "èskwokri" epi li aksidantèlman telechaje yon lojisyèl malveyan oswa bay enfòmasyon pèsònèl yo ak yon spamè. Pa klike oswa angaje ak tantativ èskrokri sa yo. Olye de sa, rekonèt yo lè yo itilize langaj alamant oswa òf ki twò bon pou yo ta laverite.

Rapòte èskrokri a epi efase mesaj èskrokri.

Sèvi ak modpas solid

Modpas senp ka devine. **Fè modpas omwen 16 karaktè longè**, o aza ak inik pou chak kont. Sèvi ak yon manadjè modpas, yon pwogram an sekirite ki kenbe ak kreye modpas. Pwogram fasil-a-itilize sa a pral estoke modpas epi ranpli yo otomatikman sou entènèt la.

Aktive otantifikasyon miltifaktè (MFA, akwonim an Anglè)

Sèvi ak MFA sou nenpòt sit ki ofri li. MFA bay yon kouch sekirite siplemantè anplis yon modpas lè w ap konekte nan kont ak aplikasyon, tankou yon eskanè figi oswa yon kòd ke yo voye pa tèks.


Sèvi ak MFA ap fè ou bokou mwens siseptib pou pirate.



Mizajou lojisyèl

Lè aparèy, aplikasyon oswa pwogram lojisyèl (sitou lojisyèl antivirus) fè nou konnen mizajou disponib, nou ta dwe enstale yo pi vit posib. Mizajou fèmen fay kòd sekirite yo pou pi byen pwoteje done nou yo.

Aktive mizajou otomatik yo pou fè li vin pi fasil.



Lè w pran etap sa yo, sa ede nou
Sekirize Mond nou an.



Nou tout ka ede youn lòt
rete pi an sekirite sou entènèt, donk
pataje konsèy sa yo ak yon manm
fanmi oswa yon zanmi!

cisa.gov/SecureOurWorld